

Raden Werkudara



Raden Werkudara iku putrane Prabu Pandhu Dewanata lan Dewi Kunthi sing angka kalih. Werkudara iku titisane Bathara Bayu. Awit putra angka loro, mula Werkudara uga sinebut putra panenggaking Pandhawa. Sesebutan liyane Bratasena, Bimasena, Haryasena, Bayusiwi, Jagal Abilawa, Kusumadilaga, Jayalaga.

Raden Werkudara kuwi panenggake Pandhawa. Raden Werkudara kuwi satriya Jodhipati. Dedege Werkudara gagah gedhe dhuwur. Kalebu swarane uga gedhe jumleger. Apa maneh yen pinuju nesu, swarane kaya-kaya njugrukake gunung. Nanging watake satriya pinunjul banget. Raden Werkudara ora seneng umuk, ora goroh, tur ora nate pamer kekuwatane. Kamangka Raden Werkudara kuwi sekti mandraguna. Wesi gligen wae bisa ditoklek nganggo tangane.

Raden Werkudara uga duwe kuku kang ampuh banget. Kukune mau bisa kanggo nyuwek-nyuwek cangkeme macan sing galak. Kukune Werkudara sing ampuh kuwi jenenge kuku pancanaka. Sanajan nduweni kekuwatan kang linuwih satriya perkasa iki ora nduweni sifat kang gumedhe. Dheweke malah dhemen tetulung marang wong liya.

1) Sapa panenggake Pandhawa kuwi?	
2) Raden Werkudara iku putrane sinten?	
3) Apa piandele Raden Werkudara kang tumemplek ana awake?	
4) Ing ngendi kasatriyane Raden Werkudara?	
5) Apa watak sing di nduweni Raden Werkudara?	

	Kuku Pancanaka
	Prabu Pandhu Dewanata lan Dewi Kunthi
	Raden Werkudara
	dhemen tetulung marang wong liya
	Jodhipati